

KISA DESIZYON TPS VLE DI POU MWEN?

KI SA KI ESTATI PWOTEKSYON TANPORÈ?

ESTATI PWOTEKSYON TANPORÈ A (TPS) se yon fòm pwoteksyon tanporè pou imigran ki ap viv Ozetazini ki pa kapab retounen nan peyi orijin yo akòz lagè oswa lòt dezaz. Kongrè Ameriken an te kreye TPS nan lane 1990 pou bay imigran ki soti nan peyi yo deziyen espesyalman pou pwoteksyon tanporè kont depòtasyon ak aksè pou jwenn otorizasyon travay. Nan mwa mas 2025, te gen rive 1.3 milyon moun Ozetazini ki gen TPS. Sou administrasyon Trump lan yo te toujou ap atake TPS. Administrasyon an te fè konnen akèl ke li gen entansyon derasinen plizyè santèn milye moun soti nan lavi yo Ozetazini menm si moun sa yo pa an sekirite pou yo retounen nan peyi orijin yo.

KISA DESIZYON LAKOU SIPRÈM NAN NAN KA TPS LA TE DI?



AYITI



SIRI

Nan Jedi 25 jen 2026, Lakou Siprèm nan te deside ke Administrasyon Trump la te kapab kontinye ak zafè kanpe TPS pou Ayiti ak Siri. Avoka ki tap defann pwosè a te bay agiman ke gouvènman an pa ka aboli TPS san li pa pase nan kèk etap ke lalwa egzije. Lakou Siprèm nan te deside ke sa pa enpòtan si gouvènman an te pase nan move pwosesis la paske lalwa entèdi pou tribinal yo ta menm revize desizyon pou koupe TPS. Sa vle di, menm si Depatman Sekirite Enteryè (DHS) vyole lalwa a lè li aboli TPS pou yon peyi an patikilye, pèsonn pa ka pouswiv gouvènman an nan tribinal epi fè yon tribinal entèvni.

Avoka ki tap defann dosye a te bay yon agiman ankò, yo te di abolisyon TPS pou Ayiti te vyole Konstitisyon Etazini an paske se deklarasyon rasis sou moun ki soti Ayiti ki te motive desizyon pou mete fen nan TPS la. Lakou Siprèm nan pa rive pran yon desizyon final sou agiman sa, paske tribinal distri a (tribinal kote ka a te kòmanse a) poko pran yon desizyon sou li, men li te di

agiman sa, ki di desizyon an te rasis kidonk kont Konstitisyon an, gen anpil chans poul echwe. Sa bay kè sote paske plizyè fwa Depatman Sekirite Enteryè ak Prezidan Trump li menm te fè deklarasyon, terib, epi ki pa laverite sou peyi Ayiti ak pèp li a, ki sijere ke yo enferyè.

KISA SA VLE DI POU MWEN KOUNYA SI MWEN GEN TPS AYITI OSWA SIRI?



Desizyon Tribinal la pa mete fen nan pwoteksyon TPS ak otorizasyon travay pou peyi sa yo sou plas, men pwoteksyon yo gen anpil chans pou yo fini nan dat 27 jiyè 2026 la oubyen aprè. Lakou Siprèm nan te deside ke tribinal distri yo te fè erè lè yo te anpeche gouvènman an mete fen nan TPS tanporèman, men pou gouvènman an ka mete fen nan TPS nèt pou peyi sa yo, li ta dwe tann nouvo lòd nan men tribinal distri yo. Selon règ

nòmman Lakou Siprèm nan, tribinal distri yo ap kapab aji sou òdonans Lakou Siprèm lan lè Lakou Siprèm lan bay manda li, ki nòmman pran 32 jou apre desizyon Tribinal la. **Kidonk, moun ki gen TPS ki soti Siri ak Ayiti pa pèdi estati ak otorizasyon travay yo imedyatman; li posib pou estati TPS ak baz pou otorizasyon travay la fini 27 jiyè 2026 oubyen aprè.** Yon moun ki gen otorizasyon travay ki baze sou TPS ki soti nan peyi Siri oswa Ayiti ka travay legalman anba pèmi travay sa a jiskaske TPS la ofisyèlman fini. Si yon anplwayè revoke yon moun sou baz desizyon Lakou Siprèm nan anvan otorizasyon travay li fini, travayè a ka pale ak yon avoka, yon sendika, oswa yon sant travayè, oswa rele liy dirèk Dwa Imigran ak Anplwaye Depatman Lajistis Etazini an nan 1-800-255-7688. Sepandan, depi TPS pou peyi Siri ak Ayiti fini, otorizasyon travay ki baze sou TPS la pa valab ankò.

Anvan Lakou Siprèm nan te pran yon desizyon sou ka TPS la, USCIS te bay yon gid ki di anplwayè yo ta dwe itilize 1 jiyè 2026 kòm dat ekspirasyon pou otorizasyon travay TPS pou Ayiti ak peyi Siri sou I-9 yo ak nan E-Verify, sistèm sou entènèt ke anplwayè yo ka itilize pou tcheke si yon anplwaye ka travay legalman. Pandan li posib ke kèk anplwayè pral itilize dat sa, anplwayè yo pa ta dwe revoke anplwaye jiskaske otorizasyon travay yo fini, epi gouvènman an pa ka koupe otorizasyon travay la toutotan tribinal distri yo pa bay òdonans final yo. Gen anpil chans pou gouvènman an fè soti lòt plis gid byento.

Mete fen nan TPS pou Ayisyen ak Siryen vle di moun ki gen TPS ki soti nan peyi sa yo pap gen pwoteksyon tanporè kont depòtasyon ankò, men sa pa vle di DHS pral depòte tout moun ki pèdi estati sa imedyatman. Moun ki te fèmen dosye imigrasyon yo administrativman oswa dosye ki te menm fini akòz TPS yo ka wè dosye yo retounen nan tribinal. Moun ki pat janm mete dosye yo nan tribinal imigrasyon ka antre nan pwosedi depòtasyon. Moun ki resevwa yon lòd depòtasyon nan men yon jij imigrasyon ka fè apèl kont desizyon an devan Komisyon Apèl

Imigrasyon an epi, si yo fè sa, DHS pa ka depòte yo legalman jiskaske yo ta rejte apèl yo a.

Li posib pou ICE voye lèt apèl bay moun yo te revoke TPS yo pou di yo pou yo prezante yo nan biwo lokal ICE yo a. ICE ka voye ba yo yon Avi pou Prezante nan tribinal imigrasyon, epi li ka mete yo an detansyon. Li enpòtan pou fè **plan preparasyon pou fanmi** davans pou nenpòt vizit ICE.



Moun ki gen **lòd depòtasyon final** (moun ki pèdi ka yo devan tribinal imigrasyon an epi ki swa pat fè apèl kont desizyon an devan Komisyon Apèl Imigrasyon an, ki te pèdi apèl yo, oswa moun ki gen yon lòd depòtasyon in absentia paske yo pat ale nan tribinal pou yon odyans pwograme) ka vle konsidere **mosyon pou relouvri** ka yo kounya TPS pa pwoteje yo. Piske lalwa jeneralman limite moun pou fè yon sèl mosyon pou relouvri, li enpòtan anpil pou depoze pi bon mosyon posib pou relouvri. Sinon, **moun ki gen lòd depòtasyon final yo gen plis risk pou yo detni yo ak depòte yo rapidman.**

E SI MWEN GEN TPS YON LÒT PEYI KI GEN YON PWOSE KI METE ANILASYON TPS LA SOU POZ?

Gen **13 lòt pwosè ki konteste revokasyon** TPS la pou lòt peyi ki tap tann desizyon Lakou Siprèm sa. Pa gen anyen ki pral chanje nan ka sa yo jiskaske tribinal distri yo bay yon lòd, men tribinal distri yo ka pèmèt revokasyon an kontinye pou lòt peyi sa yo byento. Depi TPS la fini pou lòt peyi, moun ki gen TPS yo pral nan menm sityasyon ak moun ki gen TPS ki soti Ayiti ak Siri (gade seksyon ki anwo a).

KISA MWEN KA FÈ SI MWEN PÈDI PWOTEKSYON TPS AK OTORIZASYON TRAVAY?

Nou prevwa pral gen anpil notè oswa lòt moun ki ranpli fòm imigrasyon ki pral fè moun peye anpil lajan epi fè moun ki ap pèdi TPS yo anpil pwomès. Ou ka ede pwoteje tèt ou, pou fè sa toujou:



AZIL

Chak ka ap varye, men anpil moun ki genyen oswa ki te gen TPS kalifye pou **azil** tou, epi yo ka aplike deja. Moun ki pa nan pwosedi depòtasyon nan tribinal imigrasyon ka aplike pou azil nan USCIS; Moun (ki gen yon Avi pou Prezante ki te depoze nan tribinal imigrasyon) dwe aplike nan tribinal imigrasyon. Ou ka tcheke pou wè si ou nan pwosedi tribinal imigrasyon atravè Sistèm Enfòmasyon Otomatik Dosye yo (**sou entenet** oswa lè ou rele liy dirèk la nan 1-800-898-7180) epi antre “nimewo A” ou a.

Depi yon aplikasyon azil annatant pandan 150 jou, moun kap mande azil la ka aplike pou otorizasyon travay, ke yo ka akòde 30 jou apre (menm si souvan li pran plis tan). Yon moun ki gen otorizasyon travay anba TPS ki te koupe ap gen pou aplike ankò pou yon lòt pèmi travay ki baze sou aplikasyon azil annatant li a. Kounya gen yon frè \$560 pou jwenn otorizasyon travay antanke moun ki aplike pou azil premye fwa.

LÒT APLIKASYON IMANITÈ OSWA KI BAZE SOU FANMI

Ansyen moun ki gen TPS yo ka vle egzamine tou kalifikasyon yo pou lòt kalite soulajman imigrasyon, tankou Viza U (pou moun ki viktim kèk krim kalifye), Viza T (pou moun ki viktim trafik moun), oswa VAWA (pou moun ki te sibi vyolans nan men patnè entim yo oswa vyolans sou fanmi). Anpil moun ki gen TPS te Ozetazini pou yon bon bout tan epi yo ka kalifye pou aplikasyon pou rezidans pèmanan legal ki baze sou relasyon familyal oswa anilasyon depòtasyon nan tribinal. Si sa posib, li toujou pi bon pou diskite opsyon sa yo ak yon avoka.